Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 31 (6663) 15 июль 2019 с. Итни ЗулкъагIида 1440 с. Багьа - эркенаб


СИЯСАТ

## ХIажимурад МухIамадов: «Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул курсалъ республика цебетIезабулеб буго»

**Россиялъул президент Владимир Путиница Дагъистаналъул нухмалъулев Владимир Васильевасулгун гьабураб дандчIваялъул хIакъалъулъ пикру**

**8 июлалда Россиялъул Президент Владимир Путин дандчIвана Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевгун. Улкаялъул субъекталъул нухмалъулес Президентасе баян гьабуна социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъул бугеб хIал.**



Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас загьир гьаруна гьеб хIалтIулаб дандчIваялъул хIасилазда тIасан пикраби ва Владимир Васильевасул нухмалъиялда Дагъистан цебетIолеб букIиналда тIадчIей гьабуна.

«ДРялъул бетIер Владимир Васильевасул курс буссараб буго республикаялда гIадлу-низам цIуниялде, квербакъулеб буго МугIрузул улка цебетIезабиялъе ва тIегьазабиялъе.

Владимир Васильевас цере лъурал «100 школа» программаялда рекъон, нилъер районалда учреждениязул материалиябгун технический база щулалъана. 2018 соналъ Игъали гьоркьохъеб ва МелъелтIа асияб школазе капиталияб ремонт гьабуна.

2019 соналъ «150 школа» программаялда гъорлъе ккана районалъул чанго лъайкьеялъул учреждение. 2018 соналъ Бакълъулазул районалъул лъабго школалъе щвана автобусал. 2018 соналъул ноябралда районалда рагьана Россиялъул МВДялъул Гумбеталъул отделалъул цIиял корпусал. Хайир кьоледухъ хIалтIизе лъугьана медицинаялъул ва цогидалги учреждениял», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ. АНТИТЕРРОР. 1999 СОНАЛЪУЛ ДАРСАЛ

## ГIорхъиги цIунана, къоги борхана

**Ополченцазе рагъулал тунка-гIусиязул ветераназул статус чIезабиялъул суал**

**8 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гьоркьор лъуна ополченцазе рагъулал тунка-гIусиязул ветераназул статус чIезабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал.**



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял хъулухъазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел. Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана 1999 соналъ Дагъистаналде тIаде кIанцIарал хъачагъазул къокъаялде данде къеркьарал ополченцазе рагъулал тунка-гIусиязул ветераназул статус щвезе бугин. «ХIадурун буго халкъазда гьоркьосел террористазда дандечIей гьабурал Бакълъулазул районалъул ополченцазул сияхI», - ян абуна ТIалхIат Жамалудиновас. Гьединго тIаде жубана федералияб программаялда рекъон гIемер лъимал ругел улбул пенсиялде ине ругин киназего гIамм гьабун чIезабураб пенсиялде унеб заманалдаса цере. Цебеккун щуго лъимер бугей эбелалъул ихтияр букIана заман щвелалде пенсиялде ине. Гьанже рес буго 3-4 лъимер бугей эбел пенсиялде ине. МухIканаб информация районалъул «Гумбет» газеталда бахъулеб буго.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана рехсараб идараялде 193 гIарза бачIанин араб анкьалъ. «ГIемерфункциялъулаб централъ лъазабун буго централъул кадровияб резервалде гIадамал тIаса рищиялъе конкурс. Бокьараз анкетаби цIезаризе бегьула электроннияб къагIидаялъги, кагъаталда гъун гьабула гара-чIвари ва лъабго анкьалъ чIорого цIализарула. Аттестация гьабурал, бищун лъикIал кандидатал МФЦялде хIалтIизе росула», - ян абуна ГIумар МухIамадовас.

Районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас баян гьабуна диагностикиял, сахгьариялъулгун профилактикиял тадбирал тIоритIулел рукIин. Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас бицана «Тарихияб ватIан» проектги гIумруялде бахъинабулаго, сахъадерил гIолилазул къокъа Басрияб Сивухъе, райадминистрациялъул цо-цо отделазде щванин, гьал къояз мини-футболалъул рахъалъ «Лига-Гумбета» чемпионаталъул кIиабилеб сезон рагьанин. ГьабсагIат унеб буго Северияб Кавказалъул гIолилазул «Машук» форумалде хIадурлъиялъул хIалтIи.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас тIадчIей гьабуна хъутабазда тIощел бакIари тIадбан унеб букIиналда. Хъаравулълиялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГIалиевас информация кьуна тIоритIарал халгьабиязул хIакъалъулъ. «ЦебетIеялъул точка» проекталъул, гьеб гIумруялде бахъинабиялъул, цIалул тIокIлъи бихьизабурал выпускниказе медалал кьеялъул, бицана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьеялъул суалазде. Муниципалитеталъул киналго гIуцIаби гьоркьоса къотIичIого, цадахъ лъугьун, цокIалаб хIалалда хIалтIиялъ, районалда буго гIодобе биччараб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал.

**Хадижат Мазгарова**


НОМЕРАЛДА РУГО:



«Росдал тохтур»: 12 тIабиб

-2 гьум.



Рохалие гурони данделъизе ккогеги…

-2 - 3 гьум.



Пресс-туралъул гIахьалчагIаз ГIандигIор кварил кьоялдасан бахана

-3 гьум.



Фатима ГъазихIмаевалъул бергьенлъаби

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса Пали-хIажи



ТIИБ. НИЛЪЕР ГАРА-ЧIВАРИ

# «Росдал тохтур»: 12 тIабиб

### Бакълъулазул мухъалдаги хIалтIулеб буго федералияб медикияб программа

**«Гумбет» басмаялъул жакъасеб номералда кьолеб буго Бакълъулазул мухъалъул аслияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровасулгун гьабураб гара-чIвари.**



Бакълъулазул ракьалда гIумруялде бахъинабулеб буго «Росдал тохтур» («Земский доктор») абураб федералияб программа. Росабалъ хIалтIизе бокьарал, халкъияб тохтурзабазе, тIабибазе квербакъиялъе ургъараб проект ккола гьеб. Гьеб программа нилъер районалда кин бильзанхъизабулеб бугебали бицана ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас.

## Цаби-гIусазул тохтур, хирург…

**– «Росдал тохтур» абураб федералияб программа хIалтIизе биччараб 2012 соналдаса Россиялда росабалъе гIадамал сахгьаризе вачIун вуго къоазаргоялдасаги цIикIкIун тIабиб. Бакълъулазул мухъалде чан медикияв хIалтIухъан вачIарав, гьеб програмаялда рекъон?**

– «Росдал тохтур» («Земский доктор») абураб федералияб программаялда гъорлъе лъугьун, бакълъулазул районалда хIалтIизе вачIана 12 медикияв махщалилав: стоматолог, эпидемиолог, терапевт, неонатолог, офтальмолог, инфекционист, хирург, педиатр ва цогидали.

## …Оториноларинголог, анестезиолог-реаниматолог…

**– Гьеб рехсараб проект хIалае ккун, районалъул гIадамазе медикияб хъулухъ гьабизе рачIарал цо-цо тохтурзабазул бицани, бокьилаан…**



– Гьел ккола участкаялъул врач-терапевт Наби Расулов, врач-эпидемиолог Апанди Сулейманов, врач-стоматолог Юсра Шейхова ва гь.ц. Гьединго Бакълъулазул мухъалъул ЦРБялъ Дагъистаналъул Минздравалде кагътал хъван руго гIоларел специалистал районалде рачIине, ординатура гьабизе квербакъеян, тIоцебесеб иргаялда нижеца тIалаб гьабулеб руго оториноларинголог, онколог ва анестезиолог-реаниматолог.

## Росдал тохтурзаби – миллионерал…

**– Лъалеб букIахъе, «Росдал тохтур» («Земский доктор») программаялъ щивав тохтурасе рес кьола, росабалъ гIадамазул сахлъи цIуниялъул хIалтIи гьабуралъухъ, миллион гъурущ щвезе. Бакълъулазул мухъалде рачIарал махщалилазе щванищ гьеб гIарац?**

– Пачалихъалъ гьеб программаялъе бихьизабураб гIарац щвана гьеб проекталъул гIахьалчагIазе. Рехсараб гIарац харж гьабизе бегьула бокьараб законияб ишалъе, «эбелалъул капиталалъул» ва цоги проектазул гIадаб, мина базе биччазе кколилан ва цогидалги гIорхьичIваял гьечIо гьелъие.

## 2020-абилеб соналъги хIалтIизе буго программа

**– 2020-абилеб соналде щвезегIанги Россиялда «Росдал тохтур» («Земский доктор») программа бильълъанхъизабизе бугилан баянал руго. Ругищ гьеб проекталдаса пайда босизе бокьарал цоги бакълъулал?**

– РакIалде ккола жеги чанги районцояз гIахьаллъи гьабилин гьеб программаялда ва гьелъул кумек букIинин нилъер росабалъ сахлъи цIуниялъул хIалтIи жеги лъикIлъизабизе ва борхизабизе.

**Гара-чIвари гьабуна ГIизудинил ХIамзатица**



НАШ ОТВЕТ ЧЕМБЕРЛЕНУ

# Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов осудил некультурные высказывания в адрес России и лидера страны

**Глава Гумбетовского района, олимпийский чемпион Хаджимурад Магомедов выступил с осуждением некультурных выпадов в адрес России и его лидера Владимира Путина в эфире грузинского телеканала «Рустави 2».**



«Свобода не означает вседозволенность и анархию. Свобода – это большая ответственность. Особенно на Кавказе исторически сложилось так, что горцы не бросали слова на ветер, не высказывали то, за что не могут отвечать. Я всегда болел и болею за наш район, нашу республику, нашу великую Россию. Как человек, который не раз на международных соревнованиях слушал гимн страны, защищал ее имя, скажу, что непозволительно делать необдуманные, провокационные, аморальные заявления и шаги, направленные против великой державы, члена Совбеза ООН. Российский народ – народ-победитель. Россия внесла главную лепту в разгром фашизма. Все народы СССР вместе воевали против коричневой чумы нацизма. Важно беречь дружбу народов, межнациональный мир, стремиться решить разногласия за столом переговоров. Руководство Грузии и народ высказались решительно против провокационных нецензурных слов ведущего телеканала «Рустави 2». Нельзя потакать низменным эмоциям неофашистов и других провокаторов. Со своей стороны выражаю готовность реализовать все новые тезисы государственного курса Президента Российской Федерации, Верховного Главнокомандующего Вооружёнными Силами Российской Федерации Владимира Владимировича Путина. Благодаря его политике Россия снова стала важным политическим игроком на мировой арене, в стране реализуются десятки социальных программ, наша Отчизна снова возродилась и демонстрирует независимую политику, все сферы жизни получили новый импульс развития», – отметил Хаджимурад Магомедов.

2019 СОН – ТЕАТРАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

# Рохалие гурони данделъизе ккогеги…

### Авар фольклоралъул фестиваль тIобитIана

**Бакълъулазул районалда, театралъул сонги кIодо гьабулаго, тIобитIана авар фольклоралъул фестиваль ва гьениб бихьизабуна цебе умумуз бертин гьабулеб букIараб кьагIида.**



МелъелтIа махил рохьор, тIабигIат берцинаб бакIалда данделъана районалъул нухмалъиялъул, росабазул поселениязул вакилзаби, маданиял учреждениязул, библиотекабазул хIалтIухъаби. Фестиваль рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Гьеб тадбир гIуцIиялъулъ кIудияб бутIа лъуна МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ.

(Ахир - 3 - аб. гьумералда)

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# 2019 соналъ хIежалде ине хIадурлъиялъул суалалъул халгьабуна

**Дагъал церегIан къояз Бакълъулазул районалъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIараб данделъиялда халгьабуна 2019 соналъ хIежалде ине хIадурлъиялъул суалалъул. Данделъи рагьана ва бачана гIалимчи Шамил Назировас.**

Исламалъул тIадаб щуго рукнуялъул цояблъун кколеб Маккаялде ун хIеж борхиялъул суалазул халгьабулаго, данделъиялда бицана гьеб рукну тIубалаго тIуразарize тIадал ва пайдаяб ишазул, гьаруна насихIатал.

«Данделъиялда гIатIидаб гара-чIвари ккана хIеж борхулеб заманалда, хирияй бакIазде зияраталъ унаго хIежалде сапар бухьарасул букIине кколеб хьвада-чIвадиялда тIасан», - ян бицана гIалимчи Шамил Назировас.

Бихьизабизе ккола, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, муниципалитеталъул учреждениял рухIиял церехьабигун цадахъ рекъон хIалтIулел руго, гьабулеб буго экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда, наркоманиялда данде кьеркьей, гIолеб гIелалъе кьолеб буго рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасиялъул тарбия.

**«Гумбет» РИО**

«ГУМБЕТ» БАСМАЯЛЪУЛ ПРОЕКТАЛ

## Пресс-туралъул гIахьалчагIаз ГIандигIор кварил кьоялдасан бахана

### РЕН ТВ, Щуабилеб канал ва цоги телекомпанияби – Бакълъулазул ракьалда

**Бакълъулазул районалда тIобитIана «Гумбет» газеталъ гIуцIараб, курак бакIариялъул сезоналъул хIурматалда пресс-тур. Гьелда гIахьаллъи гьабуна федералиял СМИязул: – РЕН ТВялъул, щуабилеб каналалъул, «Известия» газеталъул журналистаз. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна ва сапаралъ гьезда цадахъ вукIана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов.**

«Бакълъулазул районалда гIезарула куракул, мокьрол, цIолбол ва цогидабги пихьил батIи-батIиял сортал. Нус-нус соназ гIададамаз ахал чIолел руго тIиял гьарун. Нижеца районалде ахIула журналистал, сапарчагIи, туристал – нижер ракь бокьи загьир гьабурал киналго. ХIадурун руго туристлъиялъулал маршрутал. Гьалбал щола музеязде, гьалбадерил рукъзабахъе, сиязде, «тIабигIиял холодильниказде» тарихиял, тIабигIиял памятниказде. ГIадатлъун лъугьун буго туризмалъул батIи-батIиял къагIидабаздаса пайда боси: цIалул, спортивияб, экологиялъулаб, гIелмияб, сахгьариялъулаб, динияб ва цогидалги», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Федералияб щуабилеб каналалъул кьокъаялъ бахъана курак бакIариялъул ин. Ахихьан Ибрагьим ГIалиевас чанго соналъ гIоралда тIасан курак «кварил нухасан» гIорул цояб рахъалде щвезабула.



«Нижер ахикье бугеб автотранспорт хьвадулеб нух, цIадал ран, иххал рахъун, гIор щведал лъим кIанцIун хвезабула. Дицаги, цогидазги куракул ва цогидаб пихьил ящикал гIорул цогидаб рахъалде, республикаялъулаб кIваралъул шагьранухде «кварил нухасан» рахъула. «Кварил нухлул» «кабинаялъуб» баччизе бегьула 300 кг цIайи бугеб юк. Дица ах чIун букIана гIорул рагIалда, лъалъадизе лъим бачине иргаялда чIезе ккеларедухъ 130 гьветI чIараб гьеб ах ГIандигIоралъ босун ана чвахун цIадалдаса хадуб. Гьанже дица пихь гIезабулеб буго гIурумухъалдаса тIадегIан чIараб ахикь ва рази вуго бачIиналдаса.

Федералияб мультимедийнияб информациялъул «Известия» централъул оператор Рамазан Рашидовас суратал рахъана «кварил нухдаги» ахакьги. Пресс-туралъул гIахьалчагIи рази хутIана Бакълъулазул районалде гьабураб сапаралдаса.

**«Гумбет» РИО**

## Рохалие гурони данделъизе ккогеги...

**(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)**

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан байрамалъул гIахьалчагIазда баркана муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас. Гьес хIурматалъул грамотаби ва баркалаялъул кагътал кьуна гIададамазе культурияб хъулухъ гьабиялда цебехъанлъи бихьизабуразе.

Театралъул, художественнияб рагIул, культураялъул жамгIияталъе ва дунялалъул тарихалъе бугеб кIваралъул бицана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас.

Бакълъулазул района-лъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас баркала загьир гьабуна ГIазра РурухIмаевалъе, маданияб хIалтIи лъикI гIуцIаралъухъ ва гьелъие кьуна гIарцулаб сайгъат.

Хадуб бихьизабуна цебе бертин тIобитIулеб букIараб къагIида. Фестивалалъул художественнияб бутIаялда жигараб гIахьаллъи гьабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул концертниябгун театралияб кьокъаялъул режиссер НурмухIамад НурмухIамадовас, халкъиял кучIдул ахIиялъе машгьурлъарал Майсарат ГIабдулаевалъ, ПатIимат СултIановаль ва цогидазги.

Гьеб тадбиралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана бакълъулазул мугьажиразул ирсилав, Турциялда яшав гьабулев Мехмет Йылдиз ва гьесул лъади Асият Йылдиз. Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас Мехмет Йылдизие сайгъаталъе кьуна ИчичIалиса устарзабаз гьабураб гулгун.

Фестиваль лъугьана бакълъулазул маданияб, жамгIияб гIумруялъулъ кIочонареб тадбирлъун.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Ункъо месед

### Школа лъугIаразе кьуна меседил медалал

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана «ЦIалулъ хасаб тIокIлъиялъе гIоло» медалал школа лъугIаразе кьеялъул рохалилаб данделъи. Меседил медалал щвана 4 выпускникасе.**

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас, муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан саламалъулал рагIаби абуна ва баркана школа лъугIаразда гьезие меседил медалал щвей. «Баркула мустахIикъал шапакъатал щвей. Гьал медалаз нугIлъи гьабула нуж гьунар, гIакълу бугел, хIаракатал выпускникал рукIиналъе. Гьарула хадубккунги цIалулъ бергьенлъаби, гIумруялъулъ талихI-икъбал», - ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

«ЦIалулъ хасаб тIокIлъиялъе гIоло меседил медалал кьуна МелъелтIа гьоркьохъеб школа лъугIарал Хадижат МухIамадовалъе, Шарудин СагIидовасе, Ислам ГIабдурахIмановасе, ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школа лъугIарай Жамиля МухIамадовалъе.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

## «Тарихияб ватIан» проекталда рекъон, сахъал рачIана Бакълъулазул районалде

### Гьел щвана некIсияб Сивухъе ва цоги росабалъе

**Хасавюрт районалъул Сивухъ росулъ яшав гьабулел гIолилал рачIана Бакълъулазул районалъул НекIсияб Сивухъ росулъе. Гьеб тадбир гIуцIана «Гумбеталъул гIолилал» ДРООялъ, бетIералда гьелъул нухмалъулев, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировгун.**



Бакълъулазул районалда гIумруялде бахьинабулеб буго «Тарихияб ватIан» проект, гьеб буссараб буго гIададамазда гьоркьоб гьудуллъи щула гьабиялде, цоцазде бухьенал цIикIкIинариялде. Проектги гIумруялде бахьинабулаго, муниципалитеталдаса къватIир ругел гIададамал рачIунел руго басриял росабалъе, щолел руго тарихиял ва цогидалги бакIазде.

Сахъадерида лъикIаб дандчIвай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас. Гьезда бицана районалъул тарих, край лъазабиялъул хIалтIи цебетIолеб букIиналъул, картаялдасан рихьизаруна муниципалитеталъул росаби.

Сахъадерил кьокъаялъул нухмалъулев, Сивухъ росдал гьоркьохъеб школалъул тарих гIелмуялъул мугIалим Оздимир ГIисаевас абуна магIарухъе сапар бухьиналъул мурадлъун кколин гIолеб гIелалда тарих лъазаби, районалъулгун лъай-хъвай гьаби, НекIсияб Сивухъе щвей, бакълъулазулгун гьудуллъи щулалъи. Оздимир ГIисаевас районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевасухъе кьуна «Сивухъ. Тарихалъул гьурмал» абураб жиндирго тIехь.

Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас бицана «Тарихияб ватIан» проекталъул ва цогидалги гIолилазул политикаялъул бутIаялда гIумруялде рахьинарулел программабазул, акциязул, кампаниязул хIакъалъулъ.

Сахъадерие гIуцIана районалъул краеведениялъул музеялде, Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб централияб библиотекаялде ва цогидалги учреждениязде экскурсия. Гьел щвана КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалде, «Гумбет» газеталъул редакциялде.

Сахъал хьвадана жидерго церегосел умумуз яшав гьабураб НекIсияб Сивухъ росдал къватIахъан, ракIалде щвезаруна цересел умумул, росдал тарих. ЦIалдохъабазда ва студентазда цадахъ вукIана Сивухъ школалъул физическияб культураялъул мугIалим АхIмад Абакаровги.

Бакълъулазул районалъул бетIерас, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьеялде, кинабго рахъалъ цебетIураблъун гIолохъанаб гIел куцаялде, рахъ кколеб буго экономика, социалияб цебетIей борхизабиялде, маданияб хIаракатчилъи, лъайкьей ва цогидалги бутIаби церетIезариялде ралагьарал проектазул ва программабазул.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## Фатима ГъазихIмаевалъул бергьенлъаби

### Бакълъулазул районалдаса щуго сон барай яс гIахьаллъана «Киназдасаго лъикIал!» телепередачаялда

**Бакълъулазул районалъул Ингишо росулъа щуго сон барай Фатима ГъазихIмаевалъ гIахьаллъи гьабуна тIоцебесеб каналалда бихьизабулеб, машгьураб «Киназдасаго лъикIал» абураб лъималазул телешоуялда.**



Фатима ГъазихIмаевалъ цее яхъунаго бихьизабуна анатомия гIелмуялде рокьи букIин, инсанасул черхалъул скелеталда ругел рукьбузул, хасго мугъзал гьодил рукьбузул цIарал рицана. Гьелъул эбел Мадина Жаватхановалъ абуна Фатимаца ункъо сон бараб мехалъго байбихьанин инсанасул рукьби лъазаризе, анатомиялъул хIакъалъулъ мультфильмалъухъ балагьаралдаса хадуб гьира бижанин гьеб гIелмуялдеян.

Программа бачунев Максим Галкиница гьитIинай гьунарчIужуялъе кьуна медаль ва сайгъат, Фатимал анищлъун букIараб гIанкIги.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

## Постановление

«11» 07 2019 г. № 93

### «О возложении функций Опорного Центра дополнительного образования на МКУ «Центр развития образования»

**В соответствии Гражданским кодексом РФ, федеральным Законом « О некоммерческих организациях, Уставом МР «Гумбетовский район» в целях обеспечения формирования современных управленческих и организационно экономических механизмов в системе дополнительного образования в рамках федерального проекта «Успех каждого ребенка» национального проекта «Образование» и в соответствии приказа Министерства образования и науки РД №525-09/19 от 21.03.2019г «Об утверждении методических рекомендаций «О создании и функционировании муниципального опорного Центра дополнительного образования детей» администрация МР «Гумбетовский район» постановляет:**

Возложить на МКУ «Центр развития образования» функции «Опорного центра дополнительного образования, предусмотренные приказом № 525-09/19 от 21.03.2013г Министерства образования и науки», Республики Дагестан « О создании и функционировании Муниципального Опорного Центра дополнительного образования детей».

Финансовому отделу Администрации МР «Гумбетовский район» предусмотреть в перспективе средства для обеспечения выполнения возложенных на МКУ «Центр развития образования» дополнительных функций.

Утвердить координационный совет дополнительного образования района в составе 15 человек.

Директору МКУ «Центра развития образования» Омаргаджиеву А. Ю.:

-Принять все необходимые меры для улучшения условий работы учреждений дополнительного образования, координации и систематизации их работы, увеличению охвата детей дополнительным образованием в соответствии с Майскими указами Президента РФ (2012 г.) и повышению качества работы по развитию способностей и талантов детей.

**Глава Х. С. Магомедов**

**Утвержден:**
**постановлением АМР «Гумбетовский район» от «11 » 07 2019 г. № 93**

## Координационный совет дополнительного образования детей МР «Гумбетовский район»

**1. Карагишиев М. Д. - 1- зам. гл. района - председатель**
**2. Магомедов Р. А. - нач. отдела образования - зам. председателя**
**3. Омаргаджиев А.Ю. - директор Центра развития образования - зам. председателя**
**4. Курамагомедов М.Б. - руководитель ИМЦ - член**
**5. Гаджиев Л.Г. - главный специалист ЦРО - член**
**6. Магомедов Н.Х. - зам. нач. отд. образования физ. культ. и спорта - член**
**7. Астимиров Б.М. - директор ГБУ ДО «ДЮСШ» с. Мехельта - член**
**8. Базарганова З.Н. - директор ДДТ - член**
**9. Абдулмуслимов А.А. - директор МКУ ДО «Гум-кая детская школа искусств» - член**
**10. Шихшалаев А.К. - директор МКОУ «ДЮСШ» Гумбетовского района - член**
**11. Магомедов Ш.М. - методист Центра развития образования - член**
**12. Халидов Р.М. - нач. финансового отдела администрации района - член**
**13. Зубайров М. - помощник главы - член**
**14. Маккашарипов М.С. - директор МКУ «Гумбетовский молодежный центр»- член**
**15. Гасангаджиева А.М. - вед. специалист МКУ «Гумбетовский молодежный центр»- член**

# Охрана труда и будущее сферы труда

**С 28 апреля, в официально установленный Всемирный день охраны труда, во всем мире проводятся мероприятия на тему «Охрана труда и будущее сферы труда», которые продолжатся до конца 2019 года. На них будут отмечаться богатые знания и практический опыт, накопленные за сто с лишним лет, пока мы готовимся к тому, чтобы встретить и оценить те перемены, которые нам сулит будущее сферы труда, к которому мы стремимся.**

Международный день охраны труда также посвящен памяти рабочих, погибших, получивших травмы или профессиональные заболевания вследствие опасных, нездоровых и неприемлемых условий труда. С момента первой международной церемонии, посвященной 28 апреля, которая состоялась в 1996 году в Организации Объединенных Наций в Нью-Йорке, инициатива проведения Международного дня памяти стала охватывать профсоюзное движение всего мира. Начиная с 2003 года, Международная организация труда (МОТ) проводит этот Всемирный день, акцентируя внимание на мерах по предотвращению аварий и травматизма на рабочем месте. Ключевым моментом национальной культуры охраны труда должна быть согласованность действий между правительством, работодателями и работниками, все они должны принимать активное участие в обеспечении безопасной и здоровой производственной среды с помощью специальной системы установленных прав, ответственности и обязанностей, где самое высокое место занимает профилактика, производственного травматизма и профессиональной заболеваемости.

Поскольку данные о несчастных случаях и заболеваниях, связанных с трудовой деятельностью, имеют важное значение для их профилактики, существует настоятельная необходимость совершенствования систем регистрации и уведомления, а также сбора и анализа на национальном уровне данных по охране труда. Это позволит странам получить более надежные показатели эффективности национальных систем охраны труда и определить, какие связанные с охраной труда проблемы в первую очередь требуют выделения ресурсов, объем которых зачастую бывает ограничен. Проведение Всемирного дня охраны труда является неотъемлемой частью глобальной стратегии МОТ по охране труда и способствует созданию глобальной культуры предотвращения в области охраны труда, с участием всех заинтересованных сторон.

Предупрежден - значит, вооружен, именно для этого нужна профилактика. Почему бы не повысить свою культуру охраны труда, ведь каждый из нас хочет вернуться домой живым и здоровым!

**Раисат Ахмедова,**
**инспектор по ОТ и ТБ**
**ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район»**

# Федералияб № 400 законалда рекъон, лъимал ругел руччабазе пенсия чIезабиялъул къагIида

| Пенсия чIезабулеб сон | Лъималазул къадар | Разе кколел сонал | букIине кколеб стаж хIалтIул | Лъимер гьабиялдалъун стажалъе рикIкIунел сонал |
|---|---|---|---|---|
| 2019 | 5 | 50 | 9 | 6 |
| 2020 | 5 | 50 | 9 | 6 |
| | 4 | 56 | 9 | 6 |
| 2021 | 5 | 50 | 9 | 6 |
| ва хадусел | 4 | 56 | 9 | 6 |
| соназ | 3 | 57 | 10,5 | 4,5 |

**ТIалхIат Жамалудинов,**
**Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев**

ТIИБ

# Дун гIадин, Аллагьги разилъаги

## Медициналъул хIалтIухъабазе баркала кьолеб буго

**ЗахIматго унтун лъугьун, «хехаб кумекалъул» машина ахIизе ккана диде. ТIоцебесеб медицинаялъулаб кумек дие гьабуна рокъобго, хехго тIаде щварал тохтур ГIабдулхIамид ГIалисултановас ва медсестра Курсан МухIамадовалъ. Хадуй ячана районалъул больницаялда егизайизе. Терапиялъул отделениялда дун сах гьаюна тохтур ГIабдухаликъ ГIалиевас, гьенир ругел медсестрабаз, хасго къад хIалтIулей медсестра ХIавра РурухIмаевалъ.**

Бокьун буго районалъул «Гумбет» газеталдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе захIматаб хIалалда йикIарай дие хехаб кумекалъе рачIаразеги, больницаялда сах гьаруразеги. ДунгIан Аллагьги разилъаги нужедаса, сахлъи цIуниялъул хъаравулзаби.

**Бика ГIабдулхIалимова,**
**МелъелтIа росу**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# «КечI ахIулеб ЧIарада»

ХIурматиял бакълъулал! Исана, 2019 соналъул 29 июлалда, Бакълъулазул ракьалда бугеб Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул залалда букIине буго «КечI ахIулеб ЧIарада» абураб халкъияб хоралъул церерахъин, концерт. Билеталъул багьа – 200 гъ.

Дагъистаналда ва республика бахун къватIиб машгьураб гьеб маданияб къокъаялъул руго бацIцIадаб магIарул мацIалда ахIулел асарал. Нилъер миллияб мацIги, адабиятги, маданиятги хириял гIадамаз гьеб тадбир гьоркьоб биччазе гьечIолъиялда божилъи гьабула. РачIа нилъерго районалъул гьалбал мустахIикъаб куцалда къабул гьаризин!

**Бакълъулазул мухъалъул маданияталъул ва туризмалъул гIуцIи**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ - МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# ГIарцул ва мазгарул призерал

**Бакълъулазул районалъул Аргъваниса Шамил Исакъов ва Рамазан МухIамадов гIахьаллъана Сурдлимпиялъулал хIаязда. Тхэквондоялъе Шамил гIарцул, Рамазан мазгарул призераллъун рахъана.**

**Районалъул нухмалъулез ва киналго бакълъулаз баркулеб буго гьезда бергьенлъи.**

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.